ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№22 (21.430) ● 2009 гъэм мазаем (февралым) и 5, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Я фейдэ зыхэлъыр къалъытэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж Инвестицэхэмкlэ щыlэ советым и зи чэзу зэlущlэ дыгъуасэ зэхэтащ. Ар иригъэкlуэкlащ Президент Къанокъуэ Арсен.

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ Налшык къыщыхалъхьа инвестицэ проектиплIымрэ Аруан районым и проектитIымрэ.

- Ди зэlущlэхэм къыщыхэтх инвестицэ проектхэр гъэзэщlэным нэхъ шэщlауэ, хэкъузауэ делэжьын хуейщ. Абы папщlэ lэмал псори дилэщ. Проект къэс лэжьыгъэ lэнатlэщlэхэр къызэгъэпэщыным хуэунэтlащ. Ар дэ цlыхухэм яхуэтщlэфыну lуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэщ, 2009 гъэр къызэрыгуэкlыу зэрыщымытынур къэплъытэмэ, - жиlащ республикэм и Президентым, зэlущlэр къыщызэlуихым.

Налшык къыщыхалъхьэ инвестицэ проектхэр зыхуэдэр къигъэлъэгъуащ къалэ администрацэм и lэтащхьэ Хьэгъасэ Залымджэрий. Абы зэхуэсахэм захуигъэзащ, къаlэт lуэхугъуэхэм Налшык и фейдэ зэрыхэлъыр къалъытэу, ахэр къезыхьэжьэ хьэрычэтыщlэхэм даlыгъыну. Псалъэм папщlэ, пенополистиролым къыхэщlыкla псэуалъапхъэхэр къыщlэзыгъэкl предприятэу Урысейм иlэр мащlэ дыдэщ. Налшык нэхъ пэгъунэгъу апхуэдэ lуэхущlапlэм нэс километр 1800-рэ хуэдизкlэ укlуэн хуейщ. Атlэ, а псэуалъапхъэр бетоным нэхърэ куэдкlэ нэхъ быдэщ, нэхъ псынщlэщ, нэхъ пудщ. Дауи, lуэхущlапlэр къызэlухыным Налшыки, Къэбэрдей-Балъкъэрми, щlыналъэ гъунэгъухэми я фейдэ хэлъщ.

Зэlущlэр зэрекlуэкlам, Советым къищта проектхэр зыхуэдэм теухуа тхыгъэ мыгувэу ди газетым къытехуэнущ.

ГЪУЩIО Зариф.

● ЩIалэгъуалэм я илъэс

КъБР-м и профсоюзхэм цIыхухэм Зэрызыхуагъазэр

КъытщIэхъуэ щIэблэм я зыужьыкIэмрэ я зэфIэувэкIэмрэ илъэс куэд хъуауэ жылагъуэр хуабжьу егъэпIейтей. А Iуэхум мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриIэр фIыуэ къыгурыIуэу, УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къыдигъэкIащ дызыхыхьа 2009 гъэм «Урысей Федерацэм и ЩIалэгъуалэм я илъэс» егъэкIуэкIыным теухуа Указ.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэмрэ и къудамэхэмрэ, Указым щыгъуазэ зыхуащIауэ, къагъэлъагъуэ ар дэIыгъыныр, къыхалъхьа жэрдэмыр гъэзэщIэным Iуэхугъуэ пыухыкIахэр хуэгъэхьэзырыныр я къалэну къызэралъытэр. Абы и щыхьэтщ республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и аппаратым щIалэгъуалэм ядэлажьэ къудамэ зэриIэр, щIалэгъуалэм я совет зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрызэрагъэпэщар, зэхыхьэхэр, «стIол хъурей» зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ зэрырагъэкIуэкIыр, профсоюз унафэщIхэр щIалэгъуалэм зэрахуэзэр.

Арами, республикэм и профсоюзхэм ахэр икъукIэ мащIэу къалъытэ. КъытщIэхъуэ щIэблэм хуэгъэза Iуэхугъуэхэр къэралымрэ жылагъуэмрэ зэуIуу зэфIахын хуейщ. ИкIи абы профсоюзхэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуащIыпхъэщ. Нобэ щIалэгъуалэр егъэпIейтей щIэныгъэ тэмэм зэрызрагъэгъуэтыным, лэжьапIэмрэ псэупIэмрэ я Iуэхухэм, я спорт, творческэ зэфIэкIхэр зэрыпхагъэкIыным, щIыналъэм и политикэ, социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэм.

Мы зэманым КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм егъэхьэзыр щIалэгъуалэ политикэм и программэ. Абы и унэтIыныгъэхэм ящыщщ къызэгъэпэщыныгъэ-методикэ лэжьыгъэр, щIалэгъуалэ Iуэхухэр щыубзыхуа программэр пхыгъэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуныр, щIалэгъуалэм ядэлэжьэну профессионал кадрхэр гъэхьэзырыныр, экстремизмэмрэ лъэпкъ зэхэгъэжыныгъэмрэ зэрапэщIэтыну Iэмалхэр убзыхуныр, Хэкур фIыуэ ялъагъуу къэгъэхъуныр, я щэнхабзэмрэ я псэм и къулеягъымрэ зегъэужьыныр, иджырей политикэ, социально-экономикэ дунейм хэзэгъэнымкIэ щIэблэм защIэгъэкъуэныр.

А программэр гъэзэщIэным теухуа япэ лъэбакъуэхэм ящыщщ КъБР-м и парламент хэхыныгъэхэм ехьэлIауэ зыщIадза Iуэхугъуэхэр. Абыхэм къарикIуэнур куэдкIэ елъытауэ щытынущ республикэм и щIалэгъуалэм и политикэ жыджэрагъымрэ зэхэщIыкIымрэ. «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я кандидатхэм я спискэ зэхэтым профсоюзхэм ящыщу кандидатитI хагъэхьащ. Абы къыхэкIыу профсоюзхэм ЩэнхабзэмкIэ я Уардэунэм щедгъэкIуэкIынущ нобэрей социально-экономикэ щытыкIэ мытыншым профсоюзхэмрэ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партымрэ я пщIэр къэIэтыным щIалэгъуалэр хузэщIэгъэуIуэным теухуа зэIущIэ.

Профсоюзхэм я фIэщ мэхъу властым и къэрал органхэмрэ республикэм и жылагъуэмрэ зэуIуу зэдэлажьэмэ, щIалэгъуалэм я Iуэхухэр нэрылъагъуу зэрыдэкIынур.

Дэ республикэм и щIалэгъуалэр къыхудоджэ граждан жыджэрагъ къагъэлъагъуэу къэралым щекIуэкI социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэр пхыгъэкIыным теухуа ди зэхуэдэ лэжьыгъэм фыкъыхыхьэну, фи хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ фи сэбэп зыхэлъхэмрэ сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи фхъумэну.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэ.
2009 гъэ, мазаем и 2.

2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ. А Iуэхугъуэм куэд щIауэ зыхуагъэхьэзыр республикэм и ХэхакIуэ комиссэмрэ хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэмрэ. Сыт хуэдэ хэхыныгъэми и лъэхъэнэ нэхъ гуащIэ дыдэм - Iэ зыIэтыну цIыхухэр я телъхьэ къащIыным, - дэтхэнэ партри щыщIэбэныну зэманым щIидзащ.

● Хэхыныгъэ-2009

Хабзэм псори еубзыху

ХЭХЫНЫГЪЭХЭМ хэтынущ хэхакIуэ зэгухьэныгъэу плIы. КПРФ, ЛДПР, «Зыуэ щыт Урысей», «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партхэр. Абыхэм псоми Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм мандатхэр зэрыщаIэм къыхэкIыу, хэхыныгъэм хэтыну хуит къэзыщI IэщIэдзхэр зэхуахьэсын е абы и пIэкIэ шэсыпIэ уасэу сом мелуани 3 халъхьэн хуейтэкъым. Ауэ апхуэдэ хабзэхэр къэзыгъэув федеральнэ законхэм я зэранкIэ, хэхыныгъэ Iуэхухэм хэкIыжын хуей хъуащ «Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым къызэригъэпэща зэгухьэныгъэр. Хэхыныгъэхэм хэтын мурад яIэу, республикэм и хэхакIуэ комиссэм лъэIу тхылъыр щIалъхьа икIи къагъэлъэгъуа цIыхухэм я спискэхэр абы щыпхагъэкIа пэтми, ахэр хэхыныгъэм хэтыну зэрыарэзымкIэ цIыху мини 10-м я IэщIэдз зэхуахьэсыфакъым икIи абы и пIэкIэ шэсыпIэу халъхьэ хъуну сом мелуани 3-р къагъэсэбэпакъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, хэхыныгъэхэм щIимыдзэ щIыкIэ, абы хэтыну хуит хъуа спискэхэм «Урысейм и хэкупсэхэр» зэгухьэныгъэр хагъэкIыжын хуей хъуащ.

ХэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм къагъэлъэгъуа кандидатхэм я спискэр пхимыгъэкIыну ХэхакIуэ комиссэр хуитщ, ахэр къызэрыхахын хуей хабзэхэр партхэм къызэпаудамэ. Апхуэдэ хабзэхэм я нэхъыбэр зэгухьэныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуж партхэм я уставхэм щыубзыхуащ. Къищынэмыщlауэ, а lуэхум ехьэлlауэ федеральнэ законхэми къагъэув хабзэ псори зэгухьэныгъэхэм ягъэзэщlэн хуейщ. Дауи, спискэм иратхэну кандидатхэр къызэрыхах хабзэу уставхэм, УФ-м, КъБР-м я законхэм къагъэувхэр хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм зэрагъэзэщlа щlыкlэр къипщытащ комиссэм. Ахэр тэмэму зэримыгъэзэщlам къыхэкlащ «Урысейм и хэкупсэхэр» зэгухьэныгъэр хэхыныгъэхэм зэрыхагъэкlыжари.

Адрей зэгухьэныгъиплlым къагъэлъэгъуа кандидатхэм къахэкlакъым щхьэусыгъуэ гуэркlэ хэхыныгъэхэм хэтыну хуит ямыщlахэр. Ауэ «Зыуэ щыт Урысейм» и кандидатхэм я спискэм цlыхуитl хатхъыкlыжащ езыхэм я лъэlукlэ. А lуэхугъуэр къыщыхъуар спискэр хэхакlуэ комиссэм и регистрацэм пхыкla нэужьщ. Кандидатхэр хуитщ щыхуейм и деж хэхыныгъэхэм хэкlыжыну.

- Иджыри а хэхакlуэ зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкl кандидатищ хэхыныгъэхэм хэтын хуэдэу регистрацэм пхыкlакъым, ди деж кърахьэлlэн хуей щыхьэт тхылъ псори и чэзум зэрамыгъэхьэзырам къыхэкlыу. Адрей зэгухьэныгъэхэм къагъэлъэгъуа кандидат бжыгъэмрэ регистрацэм пхыкlауэ хэхыныгъэхэм хэтыну хуит хъуахэмрэ зэхуэдизщ , - жеlэ ХэхакIуэ комиссэм и секретарь Атмурзаевэ Иринэ.

Апхуэдэ щlыкlэкlэ, мы гъэм гъатхэпэм и 1-м екlуэкlыну хэхыныгъэхэм хэтынущ «Захуагъэ здэщыlэ Урысейм» къыбгъэдэкlыу цlыху 18, КПРФ-м и кандидату - 37-рэ, ЛДПР-м щыщу - 23-рэ, «Зыуэ щыт Урысей» зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкlыу - 115-рэ.

Дауи, политикэ парту республикэм щыlэр тху къудейкъым зэрыхъур. Апхуэдэу Урысей Федерацэм къыщызэрагъэпэщауэ 14 щолажьэри, абыхэм ящыщу 13-м я къудамэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрми къыщызэlуахащ. Ауэ мы зэманым а партхэм я нэхъыбэм яхъуэж я зэхэлъыкlэр, язынықъуэхэри зэгухьэурэ зы парт къызэрагъэпэщ. А зэхъуэкlыныгъэхэр зэрызэфlэмыкlам ахэр зэтриlыгъауэ къыщlэкlынущ, республикэм и Парламентым и депутатхэр щыхахыну хэхыныгъэхэм хыхьэным ехьэлlауэ.

Сыт хуэдэ хэхыныгъэми нэхъ гугъуу хэлъыр абы теклуадэ ахъшэм епха lуэхухэращ. Зыхуейр депутату хригъэхыным хэт ахъшэ тезыгъэкlуадэр? Сыт хуэдэ фейдэ абы хилъагъуэр? Апхуэдэ упщlэхэр лъабжьэншэ ещl Урысей Федерацэм и Законым. Сыту жыпlэмэ, хэхакlуэ зэгухьэныгъэм къыlэрыхьа ахъшэр къызыбгъэдэкlыр хэтми къамыгъэлъэгъуамэ, ар сыт хуэдиз бжыгъэ хъуми, къэрал фондым хуаутlыпщыжынущ, зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэща партым къыхуэнэнкlи lэмал лъэпкъ щыlэкъым. Хэхыныгъэ фондым ахъшэ хуаутlыпщыну хуиткъым илъэс 18 иримыкъуахэми, хамэ къэралхэм щыщхэми, къэрал, муниципальнэ lуэхущlапlэхэми. Икlи, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, ахъшэр зыхалъхьэр зэгухьэныгъэм и хэхакlуэ фондращ, зы цlыхур депутату хахыным ахъшэ хуаутlыпщыфынукъым.

ГЪУЩIО Зариф.

Ажахъуэ Къанщобий зи унафэщl «Бум-Банк» ООО-м и къудамэр илъэс ныкъуэм щlигъуауэ Налшык дэт «Вестер» тыкуэнышхуэм и етlуанэ къатым щолажьэ. А lуэхущlапlэм махуэм кърикубыдэу цlыхуи 100-м нэс цlыху къокlуалlэ.

Псэупlэ-коммунальнэ lуэхутхьэбзэхэм я уасэр етын, хамэ къэралхэм ахъшэ езыгъэхьын жыпlэми, мыбдеж а псори псынщlэу щызэфlокl. Апхуэдэуи мыбы цlыхухэм счет къыщызэlуах, щlыхуэ къыщаштэ, еврэ, доллар къыщащэху.

Фигу къыдогъэкlыж: «Бум-Банк»-м зи дзыхь езыгъэзхэм папщlэ мазэ къэс газет къыдегъэкl lуэхущlапlэм и лэжьэкlэм теухуауэ. Абы къищынэмыщlауэ, илъэс къэс банкым пхъэидзэ ирегъэкlуэкl, зи ахъшэ ихъумэхэм саугъэтхэр, автомобили хэту, къахьыфын хуэдэу.

Цlыхухэм гуапэу яхущыт, зи lэщlагъэм фlыуэ хэзыщlыкl гуп зэкъуэт щолажьэ мы къудамэм. Абыхэм ящыщщ мы сурэтым щыфлъагъухэу *(сэмэгумкlэ къыщыщlэдзауэ)*: **Анаевэ Аминэ, Абазэ Каринэ, Бойченкэ Еленэ, Ныр Марианнэ** сымэ.

Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

● Аруан куей

Гъатхэм екlуу lущlэну

Нарткъалэ зэlузэпэщ щlыным теухуа лэжьыгъэхэр зэи зэпыуркъым.

МЫ МАХУЭХЭМ къалэ «Зеленхоз»-м и лэжьакlуэхэм яухъуэнщl уэрамыбгъуэхэм lут жыгхэр. Псей щхъуантlэхэм я лъабжьэхэр ягъэкъабзэ, уэрамхэм я цlэхэр зытет пхъэбгъуу 27-рэ щlэкlэ зэрахъуэкlащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкlуэкlащ Тэрчокъуэм, Ахъмэтым, Лениным, Шэджыхьэщlэм я цlэхэр зезыхьэ, Красная уэрамхэм тет къэрал lуэхущlапlэхэмрэ псэупlэ унэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тхылъыщlэ

Анэдэлъхубзэм и lэфlагъыр

«Эльбрус» тхылъ тедзапlэм иджыблагъэ къыщыдэкlащ сабий садхэм адыгэбзэр щезыгъэджхэм дэlэпыкъуэгъу яхуэхъун тхылъ хьэлэмэт, «Анэбзэ» зыфlащар. Ар хуэунэтlащ къытщlэхъуэ щlэблэм анэдэлъхубзэр егъэщlэным, абы и lэфlагъыр нэсу зыхегъэщlэным.

ТХЫЛЪЫР и къалэмыпэм къыщlэкlащ адыгэбзэм иlэ щытыкlэм куэд щlауэ игъэпlейтей гъэсакlуэ, егъэджакlуэ, методист цlэрыlуэ Ацкъан Ритэ. Илъэс зыхыбл и пэкlэ Ритэ къыдигъэкlауэ щытащ «Анэбзэ» фlэщыгъэцlэр зиlэ тхылъ. Иджы ар иригъэфlэкlуэжащ авторым: абы ихуа тхыгъэхэр иджырей программэщlэм ипкъ иткlэ зэхэгъэуващ, сурэтхэр, псалъалъэ кlэщl, методикэ чэнджэщхэр щlигъуащ. Тхылъым итщ ди лъэпкъ тхакlуэхэм, усакlуэхэм я къалэмыпэм къыщlэкla рассказ кlэщlхэр, усэ цlыкlухэр, сабий уэрэдхэр. Апхуэдэу сабий садхэм я гъэсакlуэхэм мыбы къыщагъуэтынущ псынщlэрыпсалъэхэр, псалъэ шэрыуэхэр, къебжэкlхэр, сабий джэгукlэхэр. Ахэр псори цlыкlухэм я ныбжь елъытауэ, lыхьэ-lыхьэу гуэшащ.

Тхылъыр республикэм и сабий lуэхущlапlэхэм я методикэ кабинетхэм lэрагъэхьэнущ. Абы и бжыгъэр зы мин хъууэ къыдэкlащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэзащlэ инвестицэ проектхэм ящыщу Прохладнэ районым 11 щыlэщ. Чырбыш, гипс, гипсокартон къыщlэзыгъэкl заводхэр яухуэным унафэ щигъуэтар гъэ кlуам и жэпуэгъуэ мазэрт. А зэман кlэщlым кърикубыдэу Джэш Хьэсэн зи унафэщl «Капитал инвейр» ухуэныгъэм елэжь lуэхущlапlэм заводхэм я лъабжьэр игъэжын хузэфlэкlащ.

● Прохладнэ куей

lуэхур ежьэмэ

ЗАВОДИЩРИ Прохладнэ къалэм пэжыжьэнукъым. lуэхущlапlэхэр щаухуэ щlыр етlысэхыу къызэрыщlэкlам лэжьыгъэр нэхъ гугъу ищlащ, нэхъыби текlуэдащ. Лъабжьэ ягъэжари, дунейр зэрыщlыlэм къыхэкlыу, ягъэплъын хуей хъуащ, нэхъ быдэу зэрыубыдын папщlэ.

Чырбыш къыщlэзыгъэкl заводым къигъэсэбэпыну пшахъуэр метр 500-щ зэрыпэжьэри, lуэхур игъэпсынщlэнущ, ауэ гипс, гипсокартоным халъхьэнур нэхъ жыжьэ къишын хуей хъунущ.

«Заводхэр ежьэмэ, ди куей экономикэр ефlэкlуэну догугъэ, абы къищынэмыщlауэ, лэжьапlэншэ куэдым lэнатlэ ягъуэтынущ. Къыщlэдгъэкlыну ди мурад чырбышхэри ди республикэми Урысейм и адрей щlыналъэхэми щащэхун хуэдэу фlагъкlэ сыт и лъэныкъуэкlи дегугъун хуейщ», - жеlэ Прохладнэ куей администрацэм и унафэщl Гертер Иван.

ДЖЫЛАХЪСТЭН ТlутIэ.

● Май куей

ЛэжьапIэхэм хохъуэ

Май куейм цlыхур мы зэманым предприятэ зэмылlэужьыгъуэу 58-м щолажьэ.

ИЛЪЭС кlуам абыхэм цlыху 300-м lэнатlэ иратащ. Лъэныкъуэ куэдкlэ ар я фlыщlэщ нобэ лъэ быдэкlэ ува гъущl пкъыгъуэхэр щагъэхьэзыр заводым, щыгъын щад, lэфlыкlэ къыщыщlагъэкl фабрикэхэм, «Транс-Сервис», lусыпхъэхэр щагъэхьэзыр «Агрокорм» lуэхущlапlэхэм.

Дызытехьа 2009 гъэм мы районым къыщызэlуахыну зыхуагъэхьэзыр дагъэгъэсыныпхъэхэм халъхьэ пкъыгъуэхэр щагъэхьэзырыну предприятэ. Апхуэдэу Алексаңдровскэ жылагъуэм мыгувэу къыщызэlуахынущ щlыдагъэм щелэжьыну завод. Лэжьапlэ зэрагъуэтынум районым щыпсэухэр щогуфlыкl.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Нэхъ лъэщхэр егъэшынэ

Ираным хьэршым иутlыпщащ япэу езым зэпкърилъхьэжа спутник lэрыщl.

А lуэхур абы хьарзынэу къехъулlащ - спутникыр щlым и орбитэм дагъуэншэу щолажьэ. Ауэ а lуэхугъуэм къигъэгузэващ Европэм и къэрал зыбжанэ. Псалъэм папщlэ, Германием къэрал щlыб lуэхухэмкlэ и министр Штральмайер Траквальтер Вашингтон лэжьыгъэ lуэхукlэ кlуауэ щыжиlащ:

- Техникэ и лъэныкъуэкlэ игъуэта зэфlэкlхэр къэлъытауэ, дэ набдзэгубдзаплъэу дыкlэлъыплъыпхъэщ Ираным къыщыхъу псоми.

Ираным и президент Ахмадинежад Махьмуд, абы жэуап иритыж хуэдэ, жеlэ спутникхэр мамырыгъэ lуэху кlэ фlэкla и къэралым къимыгъэсэбэпыну. Ауэ США-ри европей къэралыгъуэхэри мэшынэ абы ядернэ lэщэр щlыпlэ жыжьэхэм зэрынигъэсыфын lэмалхэр lэрыхьэнкlэ.

Хэку зауэшхуэм лъандэрэ

Франджым и президент Саркози Николярэ Германием и канцлер Меркель Ангелэрэ зэрыжаlэмкlэ, Бундесверым и батальоныр Франджым и щlыналъэм зэрыкlуэнум теухуауэ дуней псом щагъэlуа хъыбархэр пэжщ.

Хэку зауэшхуэм лъандэрэ апхуэдэ къэхъуатэкъым. Батальоныр щыпсэунущ Франджым и къуэкlыпlэ щlыналъэхэм. А lуэхугъуэм къэралитlыр тезыгъэгушхуар 1989 гъэм зэгъусэу къызэрагъэпэщауэ щыта бригадэр нэхъ лъэщ ящlыныршщ.

Къыргъызым и унафэ

- Ди къэралым и щlыналъэм США-м и авиабазэр щигъэlэжынукъым, - апхуэдэу Москва щыжиlащ а къэралым и президент Бакиев Курманбек.

Абы къызэригъэлъэгъуамкlэ, США-м и зауэлlхэр Къыргъызым и зэрыщагъэlэм фейдэ къыпыкlыжкъым, къэралым и цlыхухэми а lуэхугъуэр властым хуагъэдахэркъым.

США-м и авиабазэр Къыргъызым къагъэкlуат 2001 гъэм и дыгъэгъазэм. Ар абы хуэныкъуэ хъуат, и зауэлlхэр Афганистаным игъэкlуэн папщlэ.

lэнатlэхэр яфlокlуэд

Испанием и экономикэ щытыкlэм Европэ псор къэзыгъэгузавэ нэщэнэхэр иужьрей зэманым къыхэщ хъуащ.

Абы махуэ къэс щыхохъуэ лэжьапlэншэхэм я бжыгъэм. Дыгъуасэ Испанием и газет нэхъыщхьэхэм къызэрытехуамкlэ, иужьрей мазэ 12-м кърикубыдэу лэжьапlэ яфlэкlуэдащ цlыху мин 200 хуэдизым.

lуэхур куэдкlэ щынэхъыфlкъым Великобританиеми. Абы и Правительствэм мурад ищlащ и lэщlагъэм хуэlэзэу нэгъуэщl къэралхэм кърищ lэщlагъэлlхэм я бжыгъэр мащlэ дыдэ ищlыну, езым и цlыхухэм лэжьыгъэ lэнатlэхэр яхуихъумэн папщlэ.

Лэжьапlэр зэпэубыда щыхъуащ Европэм и нэгъуэщl къэралхэми. Дауи, а щытыкlэр дунейпсо финанс кризисым и lэужьщ. Экономикэм пыщla щlэныгъэлlхэм хуагъэфащэ Европэм и къэралхэм я lуэхур мы гъэм кlуэ пэтми нэхъыкlэ хъуурэ екlуэкlыну.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мазаем и 5, *махуэку*

◆Урысей Федерацэм и МИД-м зэригъэувамкlэ, зи къалэн зыгъэзащlэу хэкlуэда дипкурьерхэм я фэеплъ махуэщ.

◆Москва и «Манеж» гъэлъэгъуапlэм къыщызэlуах «Болгарием и илъэс» и фlэщыгъэцlэу Урысейм щекlуэкlыну lуэхугъуэхэр. А гуфlэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлlэнущ Болгарием и президент Пырванов Георгий.

◆КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Тэрчокъуэ Исуф** къыщалъхуа махуэщ. 2005 гъэм дунейм ехыжащ.

◆**Дыгъэр къыщlэкlащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 22-м, къухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 22-м.**

◆**Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэти 10.**

Мазаем и 6, *мэрем*

◆**Саамхэм я дунейпсо махуэщ.** Ар щагъэлъапlэ Норвегием, Швецием, Финляндием, Урысейм и Мурманск щlыналъэм - абыхэм саамхэр куэду щопсэу.

◆Мазаем и 6 - 8-хэм Мюнхен (Германие) щекlуэкlынущ шынагъуэншагъэ политикэм пыщla lуэхухэмкlэ 45-нэ Дунейпсо конференц. Ар гъэ къэс йокlуэкl. Абы кърихьэлlэ хабзэщ НАТО-м хэт къэралхэм, Урысейм, Европэм, Азием, Америкэм щыlэ къэралыгъуэхэм зыхъумэжынымкlэ, къэрал щlыб lуэхухэмкlэ я министрхэр, политик пажэхэр.

◆**Дыгъэр къыщlэкlынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 20-м, къухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 23-м.**

◆**Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъи 3-рэ.**

Плlанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

Лъэпкъ lущыгъэ:

Уи нэ гъаплъи, уи лъэ гъэув.

Зэпсэлъэныгъэхэм пащэ

АБХЪАЗ. ***Евросоюзымрэ ООН-м и секретарь нэхъыщхьэмрэ я лlыкlуэхэу Куржым щыlэ Морель Пьеррэ Вербеке Йоханрэ иджыблагъэ Сыхъум щыlащ.***

ХьэщIэхэм яIущIащ Абхъазым нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Шамбэ Сергей. Ахэр тепсэлъыхьащ Женевэ щрагъэжьауэ щыта куржы-абхъаз зэпсэлъэныгъэхэм пащэжыным теухуа Iуэхухэм. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, къыкIэлъыкIуэ зэпсэлъэныгъэхэр мазаем и 17 - 18-хэм Швейцарием щекIуэкIынущ.

Диссертацэ совет

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и къэрал университетым иджыблагъэ къыщызэIуахащ педагогикэмкIэ диссертацэ совет.***

УНИВЕРСИТЕТЫМ и ректор Тамбий Бурхъан зэрыжиIамкIэ, а советым еджапIэ нэхъыщхьэм и пщIэр иIэтынущ икIи щIэныгъэлIхэм Iэмал ягъуэтынущ педагогикэмкIэ я кандидат, доктор лэжьыгъэхэр щыпхагъэкIыну.

Республикэм кадрхэр хуэгъэхьэзырынымкIэ диссертацэ советым мыхьэнэ ин зэриIэр къилъытащ КъШР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Шаповаловэ Иринэ.

ЩытыкIэ гугъум йохуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и президентым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, Урысей Федерацэм и IэнатIэ нэхъ инхэм ящыщ «Мейкъуапэ машинэухуэ заводым» и лэжьыгъэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 1 пщIондэ къигъэувыIащ.***

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщIхэм иджыблагъэ УФ-м и Правительствэм лъэIукIэ зыхуагъэзащ «Мейкъуапэ машинэухуэ завод»-р къэрал дэIэпыкъуныгъэ зратыну IуэхущIапIэхэм хагъэхьэну.

Экономикэ зэIумыбзым къыхэкIыу, заводым щылажьэ цIыху 482-м ящыщу 380-р лэжьапщIэ ирамыту щысын хуей хъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● Кризисым и плъыфэхэр

Къулыкъухэм я нэхъыфIыр

Кризисым зеубгъу, ходжэ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэм, хощI унагъуэ къызэрыгуэкIхэм я мылъкум. Ауэ щыIэщ зы IэщIагъэ тельыджэ, гугъуехьхэр зылъимыгъэIэсу, нэгъуэщI псоми епэгэкIыу, пщIэ лей къилъыхь уэу, зигъэщIагъ уэу, мылъкур къелъэлъэхыу…

ЗИ ГУГЪУ сщIыр къулыкъущIэрщ, «аппаратчик», «бюрократ», нэгъ уэщI фIэщыгъэ гуэрхэри зиIэрщ, зэрыжаIэщи, мафIэми имысырщ, псыми имытхьэлэрщ, «уей-уей» жезыгъыIэу зэманым къыдеущэкIырщ. Нэхъ тэмэму жысIэнщи, зэманыр зейуэ къэзылъытэжхэрщ (ахэр куэд мэхъури).

Куэд щIауэ къэрал Iэтащхьэхэр топсэлъыхь, зэзэмызи унафэ гуэрхэр тращIыхь къулыкъузехьэхэр я бжыгъэкIэ куэдыIуэ зэрыхъуам, зыкъомкIэ гъэмэщIэн зэрыхуейм. Ауэ къулыкъущIэхэр хэхъуэ зэпытщ. Абы щыхьэт техъуэ бжыгъэхэр гъунэжу щыIэщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, 2004 гъэм федеральнэ властым и къудамэхэр (структурэхэр) 53-рэ хъууэ щытамэ, мы зэманым 80-м щIегъу. Премьер-министрым нэхъапэхэм къуэдзэу иIар зы закъуэщ, нобэ иIэщ… 8!

Къэтщтэнщ Совет лъэхъэнэр, бюрократыгъэм теухуауэ мыхъумыщIагъэ Iэджэ зыхужаIэр. Абы щыгъуэ (Горбачев и хьэмтетыгъуэм) цIыху 220-м (сабийхэри хэту) зы къулыкъущIэ яIэт. Нобэ цIыхуищэ къэс Урысейм щыхуозэ зы бюрократ, бизнес IуэхущIапIэхэри, парт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри хыумыбжэми.

Дэ тщыщ дэтхэнэми зыщыпсэу жылагъуэр къызэхикIухьмэ, гу лъитэнущ: нэхъ унэ дахэхэр зыIэщIэлъыр къулыкъущIэ Iуэху щIапIэхэрщ. Совет лъэхъэнэм унафэщIхэр зыщылажьэу щыта унэ Iэджэхэр яхурикъужыркъым нобэрей аппаратчикхэм. АдэмыдэкIэ щаухуэ «офис»-кIэ зэджэ уардэунэхэр, абыхэм щIагъэувэ унэлъащIэ, компьютер лъапIэйхэр, щIагъэтIысхьэ улахуэшхуэ зыхуагъэувa «зиусхьэнхэр», абыхэм я IуэхутхьэбзащIэхэр; уардэунэхэр къаувыхь хамэ къэралхэм щагъэхьэзыра автомашинэ щIэрыпсхэм…

Мыпхуэдэ бжыгъи щыIэщ: къулыкъущIэхэр пщIэ щIамыту къезышэкI автомашинэхэм, мин 40-м щIигъум, я уасэщ сом мелард 40 хуэдиз.

Куэдым ягъэщIагъуэ: сыт щIыналъэ дэтхэнэми Къэрал Думэм депутатитI игъэкIуэн щыхуейр, «цIыхубэм и лIыкIуэхэм» я бжыгъэри 450-м щIынэсыр? Сыт предприятэ нэхъыщхьэу 295-рэ фIэкIа зимыIэ ди къэралым министерствэрэ ведомствэу куэд дыдэ къыщIыщызэрагъэпэщар?

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къулыкъущIэхэри къэралыр зыхуейщ, куэдыIуэ мыхъумэ. Аппаратчикхэр, бюрократхэр ямылейуэ зыщыбэгъуа къэралыр ещхьщ зи щхьэр абрагъуэ, зи пкъыр цIыкIунитIэ цIыху теплъаджэм. Апхуэдэ цIыхур, медицинэ, экономикэ щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, гъащIэ кIыхь хъуркъым. Псом хуэмыдэу кризисым зыщиубгъуа лъэхъэнэм.

ЗЯТЬКОВ Николай.
«Аргументы и факты».

Ахъшэхэр «якъуз»

Премьер-министр Путин Владимир и унафэкIэ зыкъомкIэ (процент 15-кIэ) ягъэмэщIащ Правительствэм хэтхэм трагъэкIуэдэну яубзыхуауэ щыта ахъшэхэр. ФедерацэмкIэ Советым хэтхэми а жэрдэмыр даIыгъащ. Абыхэми мурад ящIащ хамэ къэралхэм щекIуэкIыну зэхуэсхэм кIуэныр ягъэмэщIэну, аэропортхэм щыIэ пэш лъапIейхэм щIэмытIысхьэну, зрагъэбыдылIауэ щыта автомобилхэри, мыIэмалыншэмэ, къэрамыджэну.

- Уэ сыт хуэдэ ахъшэхэр къэралым къыхудэбгъэхуэфыну? А упщIэмкIэ захудогъазэ къэрал унафэщIхэм, IэщIагъэлIхэм, политикэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэм ящыщ зыбжанэм.

Платонов Владимир, *Москва къалэм и Думэм и унафэщI:*

- Iэмал зэриIэкIэ мылъкур зэгъэзэхуэн хуейщ, кризисыр щыIэми щымыIэми. Аращ ди Парламентым хэтхэр дызыхущIэкъури. ХэпщIыкIыу дгъэмэщIащ ди улахуэ фондыр. Дызыщылажьэ унэмрэ абы и пэшхэмрэ зэгъэпэщыжынри зэкIэ дызыхуэмейуэ къэтлъытащ.

Слискэ Любовь, *Къэрал Думэм и вице-спикер:*

- Сэ сыхуейкъым а упщIэм жэуап естыну. Сыт щхьэкIэ? Зэманыр щыгугъусыгъум деж мылъкур хъумэным, зэгъэзэхуэным хуэунэтIауэ блэжь псори щIэпIуэтэн щымыIэу собж. Дэтхэнэ унэгуащэми хуэдэу, сэри къызолъытэ кризисым IуэхукIэ пэджэжын, мылъкукIэ хуэгъэтIылъэн хуейуэ.

Соловьев Владимир, *телевиденэ нэтынхэр езыгъэкIуэкI:*

- Псалъэмакъ гурымыхьхэм сыхэтыну си жагъуэщ. Сыт «кризис» псалъэр куэдрэ жытIэурэ, цIыхухэм я гукъыдэжыр щIэткъутэр?

Седоковэ Аннэ, *уэрэджыIакIуэ:*

- Зыщызгъэпсэхуну щIыпIэм сыщегупсыскIэ, абы ахъшэу тезгъэкIуэдэнухэр къызолъытэ. АльбомыщIэ къыдэзгъэкIынум и уасэри зыкъомкIэ кIэрызгъэхун хуей хъуащ. ЗэкIэ къыдэзгъэхуэну сыхэткъым къызэрыскIуэхь автомашинэмрэ сызыщышхэ ресторанхэмрэ тезгъэкIуадэ мылъкум.

Дугин Александр, *политикэ лэжьакIуэ:*

- ПцIы хэмылъу жысIэнщи, ерыскъы лъапIэхэр къэсщэхужыркъым. Зэманзэманкiэ нэщI сисщ. Абы мылъкуу зыкъом къысхудегъахуэ.

Волочковэ Анастасие, *балеринэ:*

- ЗэкIэ си Iуэхухэр Iейкъыми, си мылъкур къыдэзгъэхуэну, зэхуэсхьэсыну сыхэткъым. Ауэ, Iэмалыншагъэм срихулIэмэ, сыт сщIэн, куэдым зыхуэзгъэныкъуэфынущ. Зи гугъу сщIыр унагъуэм илъ хъугъуэфIыгъуэхэрщ. Хьэлъэу куэдыщэ пкIэрымылъмэ, нэхъ псынщIэу зыпIэ тыфынущ.

Коробов Олег, *экономист.*

- Сэ, схузэфIэкIамэ, си щхьэгъусэр «Салон красоты» жыхуаIэ унэм згъэкIуэнутэкъым. ТкIийуэ пэзубыдмэ, къэралым ахъшэ хьарзынэ къыхудэзгъэхуэфынут. Ауэ мы Iуэхум си гъащIэр хэслъхьэнкIэ сошынэ.

Сергей, *щIэджыкIакIуэ:*

- Сэ къуэды естынтэкъым ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм, сащошынэ ахъумэ.

КАФТАН Ларисэ, ЛЬВОВ Андрей, ОВЧИННИКОВ Алексей.
«Комсомольская правда».

● КIэщI дыдэу

Ипщэ щIыналъэм щыхъыбархэр

★Назрэн къалэм щекIуэкIащ Ингуш лъэпкъым и зэхуэсышхуэр (съездыр). Абы и гугъу щащIащ ингуш лъэпкъыр нобэ зыхэт гугъуехьхэм. Куэдым зэрыжаIэмкIэ, съездым къыщаIэтащ лъэпкъым и жылагъуэхэм егъэбыдылIа щIыр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ убзыхуным теухуа псалъэмакъ «хьэлъэхэр».

★2009 гъэр щIалэгъуалэм и илъэсщ. Ар къалъытэри, Адыгэ Республикэм и унафэщIхэм илъэсищ пIалъэм тещIыхьа программэ хъарзынэ зэхалъхьащ, унагъуэщIэхэм фэтэркIэ ядэIэпыкъуным теухуауэ. Италием и ухуакIуэ компаниехэр жыджэру хэлэжьыхьынущ 2014 гъэм Сочи къалэм щекIуэкIыну щIымахуэ Олимпиадэр гъэхьэзырыным.

★Италием хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Фраттини Франко щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, ухуакIуэхэм ящIынущ зэхьэзэхуэ абрагъуэм хэтыну спортсменхэр зыщыпсэуну унэшхуэу зыбжанэ.

«Северный Кавказ» газет.

● Обозревателым и псалъэ

Батэкъутэр ягъэш

ЩЫIЭЩ псэлъэныр, зыщытхъужыныр, хъуэрыбзэ дыджхэр адэ-мыдэкIэ зыутIыпщыныр зыфIэфI, нэгъуэщIхэм щхьэкIэ гугъу зезыгъэхьыныр зи жагъуэ цIыху жьэрыIэзэхэр, щхьэхуещэхэр.

Апхуэдэр ныбжьэгъу къыпхуэхъуамэ, уи сэбэп екIыхункIэ къыпхуэпэжу, къыпкъуэту зыкъуигъэлъагъунурэ, уи Iуэхухэр зэIыхьэмэ, и щIыбыр къыпхуигъэзэжынущ, уеблэмэ зыгуэрхэмкIэ уекъуэншэкIауэ жиIэнурэ, уигъэпудыну хэтынущ.

Гува-щIэхами цIыху мыхъумыщIэр пкIэрыхужамэ, уигу къеуэми, зыгуэрурэ зыхубогъэшэч, «и щхьэ зэрыхьщ» жыбоIэри, хамэхэм, зэи умыцIыхуахэм яхыболъытэж. Апхуэдэ «ныбжьэгъухэр», ди жагъуэ зэрыхъунщи, гъащIэм щымащIэкъым.

Ауэ «уи псэр зэбгъэшхыу» укъыхыфIэзыдзэжа цIыхур, уи дэIэпыкъуныгъи хэлъу, къулыкъу лъагэ дыдэм пэрыувамэ, «цIыхубэ депутат» хъуамэ, ауэ куэдыр къызэригъэгугъар щыгъупщэжауэ, и щхьэ Iуэху фIэкIа зэримыхуэмэ, уеблэмэ зэран зыкъомым яхуэхъумэ, сыт апхуэдэ «ныбжьэгъум» узэреджэнур? СыткIэ пхуэгъэукIытэну ар, ищIэ псори зэманым езэгъыу къэзылъытэр, езым хуэдэ хьэжьвакъэжьышххэр къызыкъуэтыр, ямылейуэ пагэ, «лъэ быдэ», «цIэрыIуэ» хъуар? СыткIэ пхуэгъэшынэну унафэ щIыныр, дэлъэныр, цIыхубэр ущииныр хьэл-щэн, зи гъащIэм и мардэ зыхуэхъуар, уеблэмэ, моодэ хьэрш лъагэм щыIэу псори дызыфIэлIыкIым зезыгъэщхьыр?

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зыкъом мэхъу «цIыхубэм и лIыкIуэ»-кIэ дызэджэхэр, ерагъпсэрагъыу дгъэкIэсу, уанэгур тфIэзыубыдахэр.

«Сыт хуэдэурэ вгъэзащIэрэ фи къалэнхэр? - жиIэурэ езыхэм нэхърэ нэхъ къулыкъу лъагэжым пэрыт гуэр къащыхэупщIыхькIэ (апхуэдэуи къохъу зэзэмызэхэ), депутатхэм жаIэ батэкъутэр ягъэшу, цIыхубэм и гъащIэр егъэфIэкIуэным еши елIи ямыIэу телажьэу. Ауэ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ягукIэ жаIэр нэгъуэщIщ: «Депутат Iуэху щызедмыхуэми, ди улахуэр хэхъуэ зэпытщ», «Джэдыгу бгъурыбгъу диIэми, тфIэмащIэщ, беижьхэм дехьэдехуэурэ, доунэ, дофIакIуэ, ди нэгу зедгъэужьурэ, дунейр къызэхыдокIухь», «Чымпэ къэдмыIэтми, къэралым и Iэтащхьэ дыдэм демыдаIуэми, зыми гукъанэ зыхуедгъэщIыркъым». «КъытхуэшхыдэIамэ, и нэкIум стэчанкIэ псы щIэткIэнущ, ар цIыхубзми, и щхьэцыр фIызэIытщIэнущ». «Кризисщ, ягъэ кIынкъым илъэсыщIэ ефэ-ешхэ фымыщIми», - къыджиIат зыгуэрым. Ар дэ ддэнт? Iэнэ дахащэхэр къедгъэухуати, языныкъуэхэр Iэнэкум дыкъыщыфащ, шыпсхэр мысысу, шампанскэр, уэшхым хуэдэу, дыутхыу…».

Апхуэдэ Iэджэ ягукIэ жаIэу къыщIэкIынщ депутатхэм, «курыт классым» (мылъку зыкъуэлъхэм) я уэчылхэм, рабочэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ (мылъкуншэхэр) зыуи къизымыдзэхэм. АбыкIэ шэч дагъэщI щапхъэ куэдым. Къэтщтэнщ зы закъуэ. Президентым къыхилъхьат жэрдэм хъарзынэ, Iулъхьэшххэр щымыгъэIэным теухуауэ. Ар гущIыхьэ ящыхъуащ депутатхэм. Хьэгъэщагъэ гуэрхэр зэIуащэри, жэрдэмыр ялъэхъащ, илъэс псокIэ уеIусэ мыхъуну «зэхабзыхьри, зэхадыхьыжащ». Апхуэдэ щIыкIэкIэ «цIыхубэм и лIыкIуэхэм» къагъэлъэгъуащ «Iэпщэцэным» Iуэхур хуагъэкIуэну зэрыхуейр, уеблэмэ къэралым и Iэтащхьэм и унафэр гъэзэщIэныр абыхэм я дежкIэ Iэмал зимыIэу зэрыщымытыр. Пэжщ, фIэщщIыгъуейщ апхуэдэ щхьэзыфIэфIагъыр Президентым къахуигъэдэхэну, «дяпэкIи фыкъыспэрыуэ» къажриIэну.

«Кризис» псалъэр нобэ куэдым ягъэву, «къулейсыз фыхъуми, зыхуэвгъэшэч» жыхуаIэу. Псом хуэмыдэу абыкIэ ерыщу дауший джэдыгу бгъурыбгъур зыфIэмащIэхэм, жьэкIэ «батэкъутэр» зыгъэшхэм.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.

● Хьэрып Эмират Зэгуэтхэр



Экономикэ кризисым дуней псор зэщIищтами, мы гъэм и фокIадэ мазэм Дубаи къалэм къыщызэIуахынущ «уэгум щIэуэ» чэщанэ телъыджэр, метр 818-рэ зи лъагагъыр, зи ухуэныгъэм доллару зы мелардым щIигъу зытекIуэдар.

«Эхо планеты» журналым къитхащ.

●Гъэсыныпхъэщ Iэ

Уэйр къыпфIэмыIуэхумэ

Дагъыстэн еджагъэшхуэ Абачараев Мусэ къигупсысащ гъэсыныпхъэ лIэужыгъуэщIэ. Ауэ, жагъуэгъухэр и куэдщи, и лэжыгъэр хэIущIыIу ящIыркъым, зэран къыхуэхъу мыхъумэ. Гъэсыныпхъэщ Iэми гъуэгу игъуэтыркъым.

АБАЧАРАЕВЫМ и къэхутэныгъэр зыхуэкIуэжыр мыращ: металлыр хабзэ гуэрхэм тету къызэщIэбгъанэмэ, куэдрэ маблэ фIамыщIым, щIыдагъэм, газым нэхърэ нэхъыфIыжу хуабэ къет, щIыуэпсым зыкIи зэран хуэмыхъуу.

Къэхутэныгъэр зыхуэдэм, къэралым ину къызэрыхуэщхьэпэнум фIыуэ щыгъуазэщ УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Котенкови, нэгъуэщI къулыкъущIэхэри. Ауэ еджагъэшхуэм зыкъыщIагъакъуэркъым.

Гу зылъытапхъэщ Абачараевым къигупсыса гъэсыныпхъэщIэм (гъущI, алюминий хьэжыгъэхэм къыхащIыкIа кIанэ цIыкIухэм, фошыгъу кIанэм ещхьхэм) къаруушхуэ зэриIэр. Абы и «къэуатыр» хуэдэ 15-м нэблагъэкIэ нэхъыбэщ фIамыщIым ейм нэхърэ. Мыпхуэдэуи жыпIэ хъунущ: грамм 50 фIэкIа мыхъу кIанэмрэ фIамыщI нэхъыфIу килограммищымрэ хуабагъыу къатынур зэхуэдизщ.

Псом хуэмыдэу гъэсыныпхъэ кIанэ цIыкIухэр къахуэщхьэпэнут Ищхъэрэ щIыналъэхэм щыпсэухэм. Абыхэм мафIэгукIэ куэд дыдэу ирагъашэ мазутI, фIамыщI, нэгъуэщI гъэсыныпхъэхэри.

Мыхьэнэшхуэ зиIэщ мыри: Абачараевым «къигъэщIа» гъэсыныпхъэр къызыхэпхъуну пкъыгъуэхэр («окисл» жыхуаIэхэр) щIым хэлъщ гъунапкъэншэу. КIанэхэр бгъэхьэзырын щхьэкIэ узыхуеинур Iэмэпсымэ цIыкIуфэкIу гуэрхэщ.

Абачараевым и къэхутэныгъэр щагъэлъэгъуат еплъыныгъэ зыбжанэм. «Технологие лъагэхэр» зыфIаща егъуанэ Урысейпсо выставкэм еджагъэшхуэм къыщыхуагъэфэщат дыщэ медаль. Ауэ Китайм щекIуэкIа еплъыныгъэм щIэныгъэлIым къыщигъэнат и къэхутэныгъэри, щIыпIэ IэщIагъэлIхэм япхъуэтауэ, къагъэсэбэп. Иджыпсту Китайм кIуэдыкIейуэ (серийнэу) къыщыщIагъэкI Абачараев Мусэ «къигъуэта» гъэсыныпхъэ кIанэхэр.

Индиеми ардыдэр къыщыхъункIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым, еплъыныгъэр зэраухыу ди хэкуэгъу щIэныгъэлIым, гъащIэм «Iущ» ищIам, и гъэсыныпхъэ кIанэхэр имыгъэсыжатэмэ. Индием и IэщIагъэлIхэр хуейщ Абачараевым зэгурыIуэныгъэ къращIылIэну, абы и технологиер ящэхуну.

Езы еджагъэшхуэм нэхъ къищтэнут и къэхутэныгъэм Урысейм гъуэгу щигъуэтатэмэ. Абы папщIэ зыхуеинури мылъкушхуэтэкъым - сом мелуаниплI хуэдизт. Абы къищIынут гъэсыныпхъэ телъыджэхэр щагъэхьэзыр завод мыин. Ар ухуэным текIуэда ахъшэри псынщIэ дыдэу къыпэкIуэжынут. «АдэкIэ, производствэм зиужьурэ, - жеIэ еджагъэшхуэм - гъущIхэкI кIанэ цIыкIухэр ди къэралым куэд щыхъунут, мы зэманым гъэсыныпхъэкIэ гугъу ехь цIыху мелуанхэми яIуэтэжынут…»

МУСАЕВ Мусэ.
«Северный Кавказ».

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

Академик Доллежаль Николай 2000 гъэм дунейм ехыжащ, и ныбжьыр илъэсищэрэ тIурэ хъуауэ. Илъэсищэ юбилейр щыхуагъэлъапIэм абы епсэлъылIат журналист Лесков Сергей икIи «Известия» газетым къытехуауэ щытащ еджагъэшхуэм, конструктор цIэрыIуэм къиIуэтахэр, зыкъомкIэ гъэкIэщIауэ.

Абы лъандэрэ илъэсипщI дэкIащ. ЩIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ ныдолъхьэ зи гугъу фхуэтщIа тхыгъэр, хагъэкIауэ щытахэр хэдгъэувэжауэ.

Академик ДОЛЛЕЖАЛЬ Николай: «Лъагъуныгъэм и дамыгъэр схуэубзыхуакъым»

- Николай Антон и къуэ, 1930 - 1932 гъэхэм уэ, зэхэзехуэн уащIри, бэлыхь Iэджэм ухагъэтащ, Промпартием узэрыхэтам къыхэкIыу. А зэманым куэдкIэ ягъэкъуаншэрт Теплотехникэ институтым и унафэщI, профессор Рамзиныр, уи егъэджакIуэр. Атом проектым утелэжьэну пщэрылъ къыщыпхуащIым уегупсысакъэ захуагъэр зыфIэмыфI властыр къосэхъуэкIынкIэ зэрыхъунум, а властым ядер IэщэIэщIэплъхьэныр зэрышынагъуэм?

- Сагъэгузэвэным, сыкърахуэкIыным кIэ зэригъу эту, режиссер, актер телъыджэ Охлопков Николай зыкъысхуегъазэри, Печориным и ролыр къысхуегъэлъагъуэ. Арэзы сыхъуатэкъым, юнструктор Iуэху-хэрат нэхъ сыдэзыхьэхри. Хьэуэ, политикэ залымыгъэу зэрахьахэри ахэр зи Iэужь властым и плъыфэхэри зэи зыщызгъэгъупщакъым. Сыт хуэдизрэ къызэлъэIуами, коммунистхэм я партым сахухыхьакъым.

Бомбэм и гугъу сщIынщи, Курчатовым сщибзыщIат реакторым хуей дыщIэхъуар. Ауэ сэр-сэру къызгурыIуащ Iуэхур зытетыр. Япэ щIыкIэ шэч къытесхьэу щIэздзащ сылэжьэн зэрыхуейм. ХьэкIэкхъуэкIагъэу къэтлъытэрт США-р Японием атом бомбэкIэ зэреуар. Американхэр Iейти, яIэщIэкIуэдащ цIыху куэд. Дэ дыфIыр пэжмэ, сыт апхуэдэ бомбэ тщIыну дыщIыхэтыр? Ди къэралым и унафэщIхэм мыхъумыщIагъэ зэралэжьыфынур сэ фIыуэ сщIэрт.

Ауэ семыгупсысу къэнакъым фашистхэм химие Iэщэр къыщIамыгъэсэбэпам. Къагъэсэбэпынут, апхуэдэ Iэщэр союзникхэми ямыIэу щытамэ. Дахэ-дахэу зыпхъумэжыфыну ухуеймэ, уи бийм IэщIэлъ Iэщэ-фащэм ещхь гуэрхэр уэри зэбгъэгъуэтыпхъэщ. Арыншауэ хъунукъым.

● Iуэху еплъыкIэ

Хуэм-хуэмурэ «зауэ щIыIэр» къэхъеящ. ЗэдэIэпыкъуу фашистхэм япэщIэта къэралхэр зэщыIеижащ. ИтIанэ фIыуэ зыхэсщIащ атом бомбэ диIэн зэрыхуейр, арыншауэ ди хэкур хуиту зэрамыгъэпсэунур. Нэхъ иужьыIуэкIэ къэсщIащ Курчатоври апхуэдэ дыдэу мы Iуэхум зэреплъыр. Арати, бомбэ шынагъуэр дгъэхьэзырыным дезыхулIар IэмалыншагъэрщI. ИкIэщIыпIэкIэ ди мурадыр зэдмыгъэхулIэфатэмэ, шынагъэ щыIэ хъуат зауэщIэм дыхэупIэнкIэ.

- Уэ уаIущIащ политикэ лэжьакIуэ куэдым. Абыхэм я лэжьэкIам, хьэл-щэнхэм ятеухуауэ сыт пхужыIэну?

- Сэ сыщыгъуазэкъым Берие щIэныгъэлIхэм ятекIияуэ. Ауэ си нэгу щIэкIащ абы генералхэр «игъалъэу» зэрыщытар. ПцIы хэмылъу, Берие къызэгъэпэщакIуэфIт. Дауи ирехъуи, куэдым фIыуэ къалъагъуртэкъым. Хрущев ятхьэкъуат псыщIагъырыкIуэ кхъухьхэм, нартыхум зэридихьэхам хуэдэу. Ауэ ари щыуагъэншэу лэжьэфыртэкъым. Псом нэхърэ нэхъ гурыхьыр Брежневырт. «Зауэ щIыIэм» и гу ащIэгъуэу дызэхуишэсри, сыхьэтитIым нэблагъэкIэ къытхуиIуэтэжыгъащ ЩIыналъэ цIыкIум зэрыщызэуар, щызэрихьа лIыгъэхэр. ЗэIущIэ нэужьым, псыщIагъырыкIуэ кхъухьхэр ухуэным теухуа дэфтэрым емыплъу икIи емыгупсысу Iэ щIидзыгъащ. Горбачев зыри хищIыкIыртэкъым стратегие Iуэхухэм. Ауэ фIэфI дыдэт абыхэм я гугъу ищIыну.

- КIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу цIыхухэм я зэхуаку дэлъ нэмысыр, зэхущытыкIэфIхэр. Абы уигъэпIейтеиркъэ?

- Сэ къысфIощI цIыхухэр кIуэ пэтми нэхъыкIэ хъууэ. Зыми зыри къуитынукъым унэмысыфIэкIэ, ухьэлэлкIэ, къуаншагъэ умылэжькIэ. Нэхъапэхэм апхуэдэ цIыхум пщIэ ин хуащIыр т. Нобэ сыт т лъагъур? Напэ зимыIэм кIапэр лъос. Зэрыщытын хуейр нэгъ уэщIущ. Тедгъэзэжурэ, нэхъ дегугъуу дджыпхъэщ «ФIыцIагъэ лъапIэ» жыхуаIэ тхылъхэр.

- Лермонтовым «къигъэщIа» лIыхъужьым удимыхьэхыщэми, сыноупщIынут: Сыт Демоным Тамарэ фIыуэ щIилъэгъуар, ауэ мо дрейм ар жэуапыншэу къыщIигъэнар?

- Ауан сыкъэпщIу ара лIыжь къунаныр? Химмашым и унафэщIу сыщыщытакIэ, бжесIэфынущ лъагъуныгъэр, химие дамыгъэм (формулэм) ещхьу, щхьэкуцIым зэрыришщIэр. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу а дамыгъэр еджагъэшхуэхэм Iупщ I дыдэу зэраубзыхуфынур. Си жагъуэ мэхъу абыхэм сэ сазэрыхэмытыжынур. Лъагъуныгъэмрэ щхьэгъусэ зэбгъэгъуэтынымрэ зыкъым. Унагъуэм зэгурыIуэ илъын папщIэ зэщхьэгъусэхэм я хьэл-щэнхэри, Iуэху еплъыкIэхэри, Iэпкълъэпкъхэри зэзэгъын хуейщ.

- Сыт иужьрей жыIэгъуэм къибгъэкIыр?

- АбыкIэ узэупщIынур Iэпкълъэпкъхэр зыджхэрщ.

- ЩIэныгъэлIым и IэщIагъэр зэи жыы хъуркъым. Сыт хуэдэ чэнджэщ ептынт щIалэгъуалэм?

- Нэхъ мащIэрэ ирырепль телевизорым. НэхъыбэIуэрэ тхылъ еджэн хуейщ. ЦIыху псом я дежкIи насыпыншагъэшхуэщ телевизорыр къызэрагупсысар, тхылъхэр IэщIыб зэращIар. СыщыщIалэм гъуазэ пэлъытэу сиIэт мыпхуэдэ къыхуеджэныгъэхэр: «У зищIысыр джы, зэгъащIэ», «Узэрыщытынур узэхъуапсэм хуэдэущ», «Зэманым япэ ищ е дэбакъуэ, ауэ зыкъыкIэрумыгъэху».

Тхыгъэр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар
ДЫЩЭКI Сонящ.

БУРЯКОВЭ Тамарэ Степан и пхъур

2009 гъэм мазаем и 3-м дунейм ехыжащ парт, хозяйствэ лэжьакIуэу щыта, жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэта Буряковэ Тамарэ Степан и пхъур.

Буряковэ Тамарэ 1933 гъэм фокIадэм и 11-м Херсон областым хыхьэ Александровкэ Ин къуажэм щыщ къулыкъущIэ унагъуэм къыщалъхуащ.

Одессэ дэт ерыскъы техникумыр спирт промышленностым и химик-технолог IэщIагъэр иIэу 1951 гъэм къиуха нэужь, Главспирттрестым и тхылъкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ икIи Котляревскэ спирт заводым сменэм и химикыу, иужькIэ технологыу лэжьэн щыщIидзащ.

Жылагъуэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтым ар хишащ ди республикэм и комсомол, парт органхэм. 1953 гъэм къыщыщIэдзауэ 1970 гъэ пщIондэ Буряковэ Тамарэ ВЛКСМ-м и Май райкомым и секретарщ, комсомолым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и инструкторщ, ВЛКСМ-м и Налшык къалэ комитетым и секретарщ, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарщ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и промышленнэ-транспорт къудамэм и инструкторщ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и членхэм я кандидатщ.

Парт лэжьыгъэм абы зыкъыщигъэлъэгъуащ къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу, республикэм и промышленностым и IуэхущIапIэхэм я экономикэм фIыуэ хэзыщIыкIыу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм я планхэр зэхэлъхьэным икIи гъэзэщIэным жыджэру хэтащ. Ар мызэ-мытIэу хахащ цIыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ Советым и депутату.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэмрэ къиуха нэужь, Буряковэ Тамарэ 1970 - 1974 гъэхэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым деж ПечатымкIэ щыIэ управленэм, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым Тхылъ тедзапIэхэм, полиграфием, тхылъ сатум я IуэхухэмкIэ и управленэм я унафэщIу щытащ. 1974 гъэм КъБАССР-м сатумкIэ и министру ягъэуври, илъэси 5-кIэ - 1979 гъэ пщIондэ - а IэнатIэр зэпэщу ирихьэкIащ.

И жылагъуэ-лэжьыгъэ IуэхущIафэм къыпэкIуэу Тамарэ Степан и пхъум къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр - «Лэжьыгъэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм папщIэ», «В.И.Ленинир къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ», «1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм щыгъуэ иIа лэжьыгъэфIым папщIэ» - илъэс 12-м иту ар сымаджэщым щылэжьащ, уIэгъэхэм ядэIэпыкъуу - медалхэр.

Зыпэрыта къэрал, жылагъуэ, хозяйствэ IэнатIэ псоми абы и къарури, и щIэныгъэри, и зэфIэкIри щыхуиунэтIащ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьыныммрэ ефIэкIуэнымрэ.

Буряковэ Тамарэ Степан и пхъум и фэеплъ нэхур сытым щыгъуи ди гум илъынщ.

Къанокъуэ А.Б., Бечелов И.Б., Ярин А.В., Къэжэр А.Хь., Атамааненкэ Ю.Н., Берд Хь.А., Бозий Н.М., Геляхов А.С., Дэхъушокъуэ М.И., ДыщэкI М.Р., Зумакулов Б.М., Къанокъуэ С.З., Мусуков А.ТI., Нечаев Д.А., Пащты Б.С., Тау П.Къ., Тхьэзэплъыж М.ТI., Федченкэ Л.М., Хьэгъэс З.А., Чеченов А.А., Шондыр О.Л.

ЗУМАКУЛОВ Баттал Мустэфа и къуэр

Куэдрэ хьэлъэу сымэджа нэужь, 2009 гъэм мазаем и 3-м и ныбжьыр илъэс 77-м иту дунейм ехыжащ РСФСР-м и транспортым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, лэжьыгъэм и ветеран Зумакулов Баттал Мустэфа и къуэр.

Илъэс 15 фIэкIа мыхъуауэ, Баттал Мустэфа и къуэм механизатору лэжьэн щыщIидзащ Къыргъызым Лениным и цIэкIэ щызэхэт колхозым. 1957 гъэм щегъэжьауэ пенсэм кIуэху къалэхэр зэпызыщIэ автобусым дэсу 1438-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр автотранспорт управленэм шоферу щыIащ.

Баттал Мустэфа и къуэр IуэхутхьэбзэкIэ фIыт, цIыху гуапэт, и лэжьэгъухэм ядэIэпыкъуну хьэзырт, ихь жэуаплыныгъэр зыхищIэу и IэнатIэм пэрытт, зыхэт гупми, зэрыщыту транспорт управленэми абы пщIэшхуэ щиIэт. Илъэс куэдкIэ ар щытащ управленэм и лэжьакIуэхэм я Советым и унафэщIу. Зэрыныбжьэгъу пэжым, зэрылэжьакIуэшхуэм, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтам къыхэкIыу, ар мызэмытIэу автоколоннэм и парткомым и члену, цIыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ, Октябрь район Советхэм я депутату, район, къалэ, область парт конференцхэм я делегату хахащ. И IэнатIэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ, абы къыфIащащ «РСФСР-м и транспортым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, «ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь» орден, медалхэр, союзнэ, федеральнэ, республикэ IуэхущIапIэхэмрэ организацэхэмрэ я ЩIыхь тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ.

Зумакулов Баттал Мустэфа и къуэм и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ди гум илъынщ.

Ныбжьэгъу гуп.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзыр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ **Зумакуловэ Танзиля Мустэфа и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху**Зумакулов Баттал Мустэфа и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэм и Аппаратыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис Мустэфа и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Баттал Мустэфа и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутат, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым нормальнэ, патологие физиологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI **Иуан Анатолэ БетIал и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Иуан Сарэ Къарэбатыр и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутат, «КъБР-м и Прохладнэ къалэ округым и къалэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ муниципальнэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм сабийхэм я IуэхухэмкIэ и къуэдзэ **Осипцовэ Галинэ Николай и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Волковэ Нинэ Емельян и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.